



## Ti liv #9: TÈS ALÈJI NAN OPRESYON

Anpil moun ki gen opresyon fè alèji ak bagay yo respire. Ti patikil sa yo ki ka lakòz reyaksyon alèjik yo rele "alèjèn" (pwononse al-è-jèn). Kèk egzanp sou alèjèn nan lè yo se polèn nan zèb, pye bwa ak move zèb, poud mwazi, kal chat ak chen ak lòt bèt fouri, debri nan ravèt, ak akaryen pousyè kay. Moun ki gen yon tandans alèji pral anjeneral fè alèji ak kèk men pa tout alèjèn sa yo; diferan moun fè alèji ak diferan nan yo.

### **Respire Alèjèn yo Ka Fè Opresyon W Vin Pi Mal epi Li Ka Lakòz Atak Opresyon**

Chak jou ou rale alèjèn ou sansib ak yo ka anpire enflamasyon tib bwonch yo nan opresyon (gade ti liv ki gen tit, [Kisa "Enflamasyon" Vle Di nan Opresyon](#), ki prepare pa Mass General Brigham Asthma Center). Li ka fè opresyon ou pi aktif (sa vle di ke ou gen plis chans pou ou gen pwoblèm ak tous, souf anlè, souf kout, sere nan pwatrin, oswa pantan nan dòmi akòz sentòm opresyon) epi li mete ou nan pi gwo risk pou gen yon atak opresyon. Anplis de sa, kontaminasyon pase limit a yon alèjèn ou sansib ka deklanche yon atak opresyon todenkou oswa yon atak ki devlope kèk èdtan apre kontaminasyon an.

### **Li Ka Itil pou Detèmine a Ki Alèjèn ou Sansib**

Ou menm ak founisè medikal ou a ka deside ke li ta itil pou gen plis sètitud a ki alèjèn ou sansib. Enfòmasyon sa a ka itilize pou ede w diminye kontak ou a bagay sa yo ki ka plis fasil anpire opresyon w epi pafwa nan bi pou yo kòmanse "vaksen alèji" (yo rele tou piki desensibilizasyon alèjik). Kòm yon egzanp sa nou sot di a (evite alèjèn), si ou alèji anpil ak akaryen pousyè kay, aksyon senp yo ka pran nan kay la, epi sitou nan chanm lan, ki pral diminye kantite alèjèn nan akaryen ou aspire epi petèt amelyore opresyon ou.

### **Revize Pwòp Eksperyans ou ak Kontaminasyon Alèjik**

Pwosesis pou detèmine alèji egzak ou yo ak alèjèn ou rale yo kòmanse pa konsidere kontaminasyon ki te lakòz ou gen reyaksyon asmatik nan tanpase: Èske opresyon ou anpire nan Prentan oswa nan Otòn? Èske li vin sou lè ou siye oswa pase vakyòm? Èske yon chanm mouye, kanni lakòz ou gen sentòm opresyon? Èske respirasyon ou vin pi mal alantou chat oswa chen? Kesyon sa yo ak kesyon ki sanble yo enpòtan pou detèmine alèji opresyon ou yo ak nan entèprete rezilta tès alèji yo. Pwòp travay detektif ou ede anpil nan kalkile sansiblite alèjik ou yo.

### **Tès pou Sansiblite Alèjik**

Anplis revize pwòp eksperyans ou anvan yo, gen de metòd prensipal pou evalye sansiblite ou a

## Tès Alèji nan Opresyon

divès alèjèn. Youn nan enplike yon tès san pou analize pwoteyin antikò ke kò ou ka fè an reyaksyon a alèjèn espesyal; lòt la enplike fè tès pou reyaksyon nan po ou a menm alèjèn yo ke ou ta ka aspire.

## Tès San pou Alèji

Tès san alèji yo te pote nan tès RAST, paske nan pwosesis chimik yo te itilize lontan pou analize san an (radioallergosorbent test). Tès la ap chèche mezire nan san ou kantite yon antikò - antikò imunoglobulin E oswa IgE - ke w ap pwodui kont yon alèjèn espesifik. Tès san ki gen kounye a ki sèvi avèk teknik laboratwa modèn, pito pote nan "tès san IgE espesifik pou alèjèn." An jeneral, pi gwo kantite antikò IgE ke ou pwodui an repons a yon alèjèn espesifik, plis ou fè alèji ak li. Founisè medikal ou a ka kòmande tès san pou mezire IgE espesifik alèjèn a youn oswa plizyè alèjèn ki enplike. An jeneral, tès san pou sansiblite alèjik yo pi egzakt nan idantifye alèjèn enpòtan ki ka fè opresyon ou vin pi mal (alèjèn rale) pase nan idantifye alèji manje espesifik.

## Tès po pou alèji

Tès po pou alèji fè sipozisyon ki lojik ke si ou gen opresyon epi fè yon reyaksyon alèjik nan po ou a yon alèjèn aplike pa twò fon andan sifas po a, ou pral gen anpil chans fè yon reyaksyon alèjik (asmatik) nan tib bwonch ou lè ou aspire menm alèjèn sa. Li ta difisil ak danjere pou fè ou aspire yon varyete alèjèn, youn apre lòt, pou teste sansiblite alèjik ou. Li pi fasil ak pi an sekirite pou teste reyaksyon alèjik sa yo nan po ou.

An jeneral, tès po pou alèji se yon tès ki pi sansib pase tès san alèji, sa vle di ke li gen mwens chans pou rate (echwe pou idantifye) yon bagay ou fè alèji. Li tou ba ou rezilta imedya ke ou ka wè pou tèt ou si po ou anfle moute ak reyaksyon alèjèn an. Okontrè, tès san pa bezwen ekspètiz espesyal pou fè ak entèprete tès la epi yo pa mande pou ou sispann sèten medikaman anti-alèji anvan ou fè tès la. Detay tès po pou alèji yo dekri annapre.

## Ki Jan Tès Po pou Alèji yo Fèt

Pou teste reyaksyon ou pou yon alèjèn, yo mete yon gout likid ki gen alèjèn an sou po ou. Anjeneral, se anndan avanbra ki sèvi; nan timoun se sou po do a ki itilize pi pito. Yon ti lans ki gen fòm pwenti pral pike nan likid la epi nan kouch anwo po a anba likid la. Kalite tès po sa a rele yon "tès piki." Si ou fè alèji ak alèjèn a, apre apeprè 2 minit po a kòmanse fòme yon reyaksyon. Li vin wouj, yon ti kras anfle, ak grate: li fè yon itikè. Yo mezire ak anrejistre gwosè itikè a ak woujè ki antoure a. Plis itikè a pi gwo, plis li gen chans pou ou fè alèji ak alèjèn ki teste a.

## Diferan Kalite Tès Po pou Alèji

Pafwa, si yo sispèk yon sansiblite alèjik trè entans, Lè sa a, se sèlman yon ti grafouyen y ap fè atravè likid ki gen alèjèn nan ("tès grate"). Konsa se sèlman yon ti kras alèjèn k ap antre nan po

## Tès Alèji nan Opresyon

a. Gen lè tou, lè li sitèlman enpòtan pou ankete sou sansiblité yon alèjèn espesifik men premye tès piki a negatif, yon ti kantite likid la ka enjekte yon ti kras pi fon anba sifas po a ak yon zegwi mens ("*tès intradèmal*"). Metòd sa a mete enpe plis kantite alèjèn nan po a.

Pratik nòmal nan tès po pou alèji se teste tout nan yon fwa yon gwoup alèjèn komen nan ki yon moun ka sansib. Apwòch sa a jeneralman enplike 25-30 tès piki alafwa. 25-30 gout likid ki gen divès alèjèn yo aliyen nan de ranje sou chak avanbra, answit, yo fè yon piki nan chak. Nan apeprè 5 minit nou ka konnen rezilta tès yo.

## Ki Egzanp Move Reyaksyon Posib Ki Ka Soti nan Tès Po pou Alèji?

Move reyaksyon nan tès po pou alèji yo ra, men yo ka rive. An patikilye, li posib pou ti kantite alèjèn nan po a deklanche yon atak opresyon, epi, menm pi raman, yon peryòd tansyon danjerezman ba, yo rele yon reyaksyon anafilaktik. Paske tès po pou alèji a enplike risk sa yo, byenke trè piti, yo pral mande w pou bay pèmisyon alekri sou yon "fòm konsantman" anvan tès la, epi yo pral mande w pou w rete anba obsèvasyon medikal pou 30-60 minit apre tès la pou asire pa gen okenn reyaksyon reta ki rive.

## Medikaman pou Evite Anvan Tès Po pou Alèji W la

Sèten medikaman ka entèfere ak tès po pou alèji epi bay fo rezilta (ki vle di, po ou p ap reyaji a alèji a menm si ou fè alèji ak li). Yo pral ba w yon lis medikaman pou evite anvan tès po a ak enfòmasyon sou konbyen tan anvan tès ou pa ta dwe pran medikaman sa yo. Pi enpòtan se antihistamin yo, tou de sa yo itilize pou trete asid lestomak, tankou simetidine (*Tagamet*®), famotidine (*Pepcid*®), and ranitidine (*Zantac*®), ak espesyalman sa yo itilize pou trete alèji, tankou cetirizine (*Zyrtec*®), diphenhydramine (*Benadryl*®), fexofenadine (*Allegra*®), ak loratadine (*Claritin*®).

## Lè W Ap Entèprete Rezilta Tès Po pou Alèji W yo

Entèpretasyon rezilta tès po pou alèji yo pral enplike doktè alèji ou. Li pral sèvi ak enfòmasyon ki soti nan tès alèji po yo, ansanm ak pwòp eksperyans ou te fè ak kontaminasyon alèjik nan tan pase, pou evalye wòl alèji ak kontaminasyon alèjik ap jwe nan opresyon ou. Ou ka jwenn ke sispèk ou yo konfime (pa egzanp, wi, ou gen anpil alèji ak kal lapen!). Altènativman, ou ka rasire (pa egzanp, non, akaryen nan matla a ak tapi nan chanm ou a pa kontribye nan sentòm opresyon ou lannwit). Yon dènye mo prekosyon: si w ap panse pou w gen yon chat oswa chen lakay, sonje ke nan moun ki gen yon tandans fè alèji, sansiblité espesifik alèjik ou yo ka chanje sou tan. Yon tès alèji negatif pou kal chat oswa chen jodi a pa garanti kont devlopman alèji ak chat oswa chen nan lavni (epi li pi difisil pou jwenn yon nouvo kay pou yon bèt kay ou renmen anpil pase si w pa t janm gen youn menm).